**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–31.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरणक आठ संसदीय क्षेत्र मे काल्हि होबयवला मतदान के लऽकऽ सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। एहि चरण मे नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद मे मतदान हेबाक अछि। मतदान सवेरे सात बजे सँ सांझ छओ बजे धरि चलत। एहि चरणक चुनाव मे एक करोड़ बासठि लाख सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। एहि मे पुरूष मतदाताक संख्या पचासी लाख एक हजार छओ सय बीस आ महिला मतदाताक संख्या सतहतरि लाख दू हजार पांच सय उनसठि अछि। चारि सय पन्द्रह थर्ड जेन्डर मतदाता सेहो छथि। ओतहि दू लाख तेईस हजार आठ सय तिरेसठि मतदाता एहन छथि जे पहिल बेर मताधिकरक प्रयोग करताह।

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरणक मतदान लेल आठ सीट पर बारह महिला समेत कुल एक सय बाईस उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। नालंदा सीट पर सभ सँ बेसी उन्नतीस उम्मीदवार छथि। पाटलिपुत्र सँ बाईस, पटना साहिब सँ सत्रह, जहानाबाद सँ पंद्रह, आरा आ बक्सर सँ चौदह–चौदह, काराकाट सँ तेरह आ सासाराम सँ दस उम्मीदवारक चुनावी प्रतिष्ठा दाव पर अछि। बहुजन समाज पार्टी सँ सभ सँ बेसी आठ प्रत्याशी जखनकि भाजपाक पांच, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक एक आ जदयूक दू उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। राजदक तीन कांग्रेसक दू आ भाकपा मालेक तीन उम्मीदवार सेहो अपन भाग्य आजमा रहल छथि।

---

सातम चरणक चुनाव के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच.आर. श्रीनिवास जनौलनि जे सभ सोलह हजार चारि सय चौतीस मतदान केन्द्र पर सुरक्षा बलक उपस्थिति कराओल गेल अछि। संवेदनशील बूथ सभ पर अर्धसैनिक बल उपस्थित रहत। एकर अतिरिक्त घुड़सवार दस्ता आ नदी मे नाव सँ सेहो

गश्ती कयल जायत। कोनहु आपात स्थिति सँ निपटवाक लेल पटना मे एयर एम्बुलेंस सेहो राखल गेल अछि। ओ कहलनि जे सात हजार आठ सय अठहत्तरि बूथ सँ संपूर्ण मतदान प्रक्रियाक लाइव बेव कास्टिंग कयल जायत। एक सय छियालीस एहन बूथ अछि जकर संचालन महिला द्वारा आ छप्पन बूथक संचालन दिव्यांग कर्मी द्वारा कयल जायत। एहि चरण मे एक सय सत्तरि मॉडल बूथ बनाओल गेल अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम चरणक मतदानक लेल काल्हि संबंधित संसदीय क्षेत्रक सभ सरकारी, सार्वजनिक आ निजी क्षेत्रक कार्यालय मे सवैतनिक अवकाश रहत। एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि।

---

प्रदेश मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोपक कारणे पछिला चौबीस घंटा मे बत्तीस गोटेक मृत्यु हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। जखनकि सैकड़ो व्यक्तिक इलाज प्रदेशक विभिन्न अस्पताल मे चलि रहल छनि। औरंगाबाद मे गर्मी आ लू सँ काल्हि बारह गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि आ पैंतीस मरीज अस्पताल मे भर्ती छथि। भोजपुर सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे लू लगला सँ छओ व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक मे अधिकांश व्यक्ति चुनाव कर्मी छथि। रोहतास सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे लू के चपेट मे अयला सँ एखन धरि चारि गोटेक मृत्यु भेल अछि आ दू सय सँ बेसी व्यक्तिक विभिन्न सरकारी अस्पताल मे इलाज चलि रहल छनि। ओतहि, बक्सर जिलाक इटाढ़ी मे मतदान काज लेल योगदान देबय आयल एक शिक्षक के लू लगला सँ मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि नालंदा मे होमगार्डक एक जवान के गर्मी सँ मृत्यु हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

---

एम्हर, प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे बीतल राति बरखा हेबा सँ लोक सभ के भीषण गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना, रोहतास, वैशाली, भोजपुर, दरभंगा, मधुबनी, सुपौल आ मुंगेर समेत प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे आंशिक अथवा मध्यम बरखा भेल। हालांकि, मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइयो प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण– मध्य भाग मे किछु स्थान पर लू चलबाक स्थिति बनल रहत। विभाग एहि के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पश्चिम क्षेत्रक किछु स्थान पर सेहो लू चलबाक आशंका बनल अछि।

———————————————————————————————————

कैमूर जिलाक चैनपुर प्रखंड मे पदस्थापित प्रखंड विकास पदाधिकारी चंद्रभूषण गुप्ता के अपन चारि पहिया वाहन सँ वाहन जाँच मे लागल उत्पाद विभागक एक महिला एएसआई तथा एक महिला सिपाही के धक्का मारबाक आरोप मे गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————————————————————

सहरसा जिलाक सदर थाना क्षेत्रक कहरा नहर लऽग एक शिक्षक सरोज गुप्ता के किछु अपराधी गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस मामिलाक छान–बीन कऽ रहल अछि।

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक दामोदरपुर स्थित एक पूलक नीचा एक युवकक शव बरामद भेलाक बाद स्थानीय लोक सभ मुख्य सड़क के जाम कऽ देलनि। मृतक के दामोदरपुरक मुन्ना कुमारक रूप मे चिन्हल गेल अछि।

———————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।